сүўретлеўлер мектеп оқыўшыларында үлкенлерди ҳүрметлеўге болған ҳәўести оятады.

«Қутлыаяқ», «Қус ҳаққында ертек», «Еки тайыншақ», «Сары сыйыр, қасқырлар және кишкене Бердибай ҳаққында бир ўақыя» атамасындағы шағын гүрриңлер мектеп оқыўшыларының ана тәбият пенен жәниўарларға болған сүйиспеншилигин арттырыўға өз үлесин қосады

Сондай-ақ, жазыўшының «Ҳақыйқатлық фантастикасы», «Ала сыйыр» гүрриңлери менен «Жер монологи», «Күшик ҳәм бала» атлы новеллалары да өзиниң тәрбиялық әҳмийетлериниң басымлығы менен көзге тасланады.

Жуўмақлап айтқанда, жазыўшы Кеңесбай Алламбергеновтың «Қуслар қайтқан күн» атлы шығармасынан орын алған повесть, гүрриңлер ҳәм новеллалар мектеп оқыўшыларының жас ҳәм психологиялық өзгешеликлерине сәйкес жазылған шығармалардан есапланады. Бул китапты оқыған мектеп оқыўшыларында сөзсиз ана тәбиятқа, жанлы-жанўарларға, қусларға, үй ҳайўанларына болған меҳир-муҳаббат сөзсиз артып барады. Деген менен, ҳәзирги ўақытта көпшилик мектеп оқыўшыларының латын графикасында оқыйтуғынлығын есапқа алған ҳалда китап латын графикасында қайтадан бастырылып шығарылса, китап оқыўшылардың санының анағурлым дәрежеде артыўына да себепши болар еди дегимиз келеди.

**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада ўқувчиларнинг китобхонликка бўлган қизиқишини орттиришда болалар шоирлари ва ёзувчилари асарларининг роли ҳақидаги фикрлар баён этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматривается труды и произведения детских поэтов и писателей для формирования читательского интереса у учащихся.

**SUMMARY**

This article examines the works and works of children's poets and writers to form readers' interest in students.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ ПЕДАГОГИКА ИЛИМИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ДЕРЕКЛЕРИ СЫПАТЫНДА

**Т.А.Пазылов -** *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** оғзаки адабиёт, Қорақалпоқ фольклори, ижодиёт, фольклористик асар, урф-одат, этнопедагогика, тарбия, достон, эртак.

**Ключевые слова:** устная литература, каракалпакский фольклор, творчество, фольклорное творчество, традиция, этнопедагогика, воспитание, эпос, сказка.

**Key words:** oral literature, Karakalpak folklore, creativity, folklore, tradition, ethnopedagogy, education, epic, fairy tale.

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейинги жыллар ишинде өзбек ҳәм қарақалпақ халықлары жәмийетлик-сиясый, экономикалық ҳәм мәдений тараўларда айрықша жетискенликлерге еристи. Өз тарийхына жаңаша көзқараста қатнас жасады. Совет дәўиринде қадаған етилген, уллы бабаларымыздың қалдырған оғада бай мәдений ҳәм руўхый мийрасларын қунт пенен үйрениўге мүмкиншиликлер жаратылды. Өткендеги қол жетпес уллы педагогикалық идеялар, тәрбия ҳәм тәлим бериўге байланыслы болған турмыслық тәжирийбелер, уллы ой-пикир ийелериниң ҳүрметин орнына қойыў ислери жанландырылды. Миллий педагогикамыз бенен миллий тәрбиямыздың жәмийетлик әҳмийети оғада артты. Жас қәнигелерди заман талабына ылайық таярлап шығарыўға болған талап қатаң күшейди. Себеби, ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ ата-бабаларымыз тәрепинен көп әсирлер даўамында жаратылған, оғада үлкен, бийбаҳа руўхый ҳәм мәдений мийрасларын тиклеў мәселеси мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилген, әҳмийетли ўазыйпалардың қатарынан орын алған еди. Биз руўхый қәдириятларды тиклеўди миллий өзлигимизди аңлаўдың «…өсиўинен, халықтың руўхый булақларына, оның тийкарына қайтыўдан ибарат өзгеше, тәбийғый қубылыс деп есаплаймыз» [1:133]. Соның ушында миллий педагогикамызды буннан былайда раўажландырыўға имканиятлар есиги ашылды.

Педагогика пәни бойынша түсиндирме сөзликте көрсетилиўинше «Миллий педагогика - …жүдә әййемги тарийхқа ийе болып, оның дәслепки тамырлары «Авесто»ға, Орхон-Енисей битиклерине, Селунгур мәдениятына барып тақалады. «Авесто»дағы «жақсы пикир – жақсы сөз – жақсы әмел» туўралы адамларға кеўил нурын бериў ҳаққындағы көзқараслар жазба миллий педагогикалық көзқараслардың дәслепки үлгилери болып, жетик инсанды қәлиплестириўге қаратылған» [2:227]. Сонлықтан да, миллий педагогика тәлим-тәрбия процеси арқалы баркамал әўлад тәрбиясын әмелге асырыў ислеринде қолланылатуғын бийбаҳа байлығымыз саналады.

Миллий педагогикада адамзат баласының тәлим ҳәм тәрбия мәселелерине байланыслы болған, ата-бабаларымыз тәрепинен әсирлер даўамында жыйналған өмирлик тәжирийбелери, олардың узақты гөзлеп, көрегенлик пенен айтып кеткен салмақлы ой-пикирлери, ақыл-нәсиятлары, әўладтан-әўладқа аўызеки түрде жеткерилиў жолы менен ҳақыйқый халық даналығына айланған. Халық даналығы – халқымыздың көркем аўызеки дөретпелери тийкарында қәлиплескен.

Тарийхый дереклерге қарағанда адамлардағы сөйлеў қуралы болған тилдиң қәлиплесиўи менен халық аўыз еки көркем дөретпелериниң әййемги түр ҳәм жанрлары жүзеге келе баслаған. «Инсанға тән болған көркем ойлаўдың түрли формаларын өз ишине алған бул дөретиўшилик үлгилери… бизге шекем жетип келмеген, деген менен олардың излери, айырым бөлимлери халықтың жасаў ҳәм турмыс тәрзи менен байланыслы болған ҳәр қыйлы сәўлелендириў ҳәм көзқарасларында, халықтың үрп-әдет, дәстүрлери, мәресимлери, байрамларының қурамында, айырым жазба дереклерде, кейинги дәўирлерде жазып алынған фольклорлық шығармаларда қалдық ҳалынша сақланып қалған» [3:374]. Соның ушын да халық аўызеки дөретиўшилиги тийкарында қәлиплескен қарақалпақ фольклоры халықтың көркемлик пенен дөреткен әпсаналарын, раўаятларын, лапгөйлик сөзлерин, анекдотларын, мақалларын, жумбақларын, ертеклерин, дәстанларын, қосықларын, ойынларын ҳәм тағы басқаларды өз ишине қамтыйды.

Қарақалпақ халқы фольклорды жыйнаў ҳәм халыққа жеткерип бериў ислеринде алдыңғы қатарлардан орын алады десек қәтелеспеймиз. Себеби, ҳәзирге шекем қарақалпақ фольклорының 100 томлық материаллары баспадан шығып үлгерди.

Қарақалпақ фольклортаныўшыларынан Қ.Мақсетов ҳәм А.Тәжимуратовлар «Фольклор өзиниң өзгешелиги бойынша философия, педагогика ҳәм искусствоның басқа түрлери менен байланысқан. Әсиресе ол халықтың тарийхы, этнографиясы менен жүдә жақыннан жантасады» [4:9], «Фольклор халықтың руўхый байлығы сыпатында оның мәдений тарийхында үлкен роль тутады. Мәденияттың раўажланыўында ең әхмийетли дереклерден саналады» [4:11] деп көрсетиўлери арқалы фольклордың халқымыз ушын, қала берсе келешек әўладларымыз ушын миллий бийбаха тарийхый байлық екенлигин атап өтеди.

Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин халық аўзынан жыйнаў ислери XIX әсирдиң екинши ярымынан баслап қолға алына баслағанлығы бизге мәлим. Бундай ибратлы иске қарақалпақстанлы белгили филолог илимпазлардан: Н.Дәўқараев, М.Нурмухамедов, Қ.Айымбетов, Н.Жапақов, И.Сағыйтов, Қ.Мақсетов, Ә.Тәжимуратов, К.Алламбергенов, Ә.Алымов ҳәм басқалар өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосты. Халық аўзынан жазып алынған материаллар бойынша филологиялық бағдарда диссертациялық жумысларын орынлады, монографияларын халыққа инәм етти.

Деген менен оғада үлкен тәрбиялық әхмийетке ийе болған қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин педагогикалық бағдарда изертлеў жумыслары жүдә әстелик пенен алып барылды. Фольклорлық материалларға педагогикалық көзқарастан баҳа бериў ислери Ж.Базарбаев [5], Ө.Әлеўов [6]лар тәрепинен әмелге асырылды. А.Тлегенов[6], халық дәстанлары материалларына педагогикалық көзқарастан таллаў жасаў арқалы диссертациялық жумысларын орынлады. Бир қатар халық дәстанларындағы тәлим-тәрбия мәселелери бойынша А.Пазылов өз мийнетин жәриялады [8].

Ҳәр тәреплеме жетик инсанды тәрбиялаў мәселелериниң унамлы шешилиўинде, халық аўызеки дөретпелериндеги педагогикалық тәжирийбелерди үйренип шығыў, олардың жетискенликлерин өмирлик тәжирийбеге, тәлим-тәрбия ислерине енгизиўдиң әхмийети жүда уллы екенлигин жоқары баҳалаған илимпаз Ә.Тәжимуратов республикамызда бириншилерден болып «Қарақалпақ халық педагогикасы» (1996) атлы мийнетин халыққа усынды. Академик Ж.Базарбаевтың басшылығында «Қарақалпақ этнопедагогикасы» (2010) жарық көриў шарапатына миясар болды.

Бүгинги күнде жасларды оқытыў ҳәм тәрбиялаўда оқытыў теориясы менен әмелиятының бизиң күнимизге дейин қалай жетип келгенлигин билмей турып, жасларды тәрбиялаўды илимий түрде шөлкемлестирип болмайтуғынлығы хешкимге де сыр емес. Солай екен, келешегимиз болған жасларды тәрбиялаўда халқымыздың үрп-әдет дәстүрлерин, ата-бабаларымыздан бизге мийрас болып киятырған аўызеки дөретпелерин, тарийхый тәрбиялық әхмийетке ийе тәжирийбелерин үйренип шығыў, олардың жетискенликлерин тәлим-тәрбия ислеринде пайдаланыўды жолға қойыў, бүгинги күнниң баслы машқалаларына айланып үлгерди. Себеби, жер жүзинде еки мыңнан асламырақ миллетлер, халықлар, қәўимлер бар болатуғын болса, «…олардың ҳәр қәйсысының дәстүрлери, үрп-әдетлери болып, олардың ҳәр бирин есапқа алмаў, халықтың намысына тийиўге алып келеди» [9:28]..

Миллий педагогикамызда халқымыздың бала туўылғаннан баслап ақыл-ойын пәкизе етип қәлиплестириўди ойлағанлығы, ҳәййиў айтыў менен бала сезимин оятып, кейин ойлаў, сөйлеўин раўажландырыў ушын ҳәр қыйлы усыллар қолланғанлығы ҳаққында мағлыўматлар бериледи. Тәрбия бесиктен, ананың ҳәййиўинен басланады. Ананың бар мийримин қосып айтқан ҳәййиўин еситкен балада да ата-анаға, пүткил барлыққа деген мийримлилик, адамгершилик сезимлери қәлиплесип барады.

Халқымыз қолланған миллий тәрбия үлгилеринде ең дәслеп баланың тилин раўажландырыў ушын жаңылтпашларды қолланыўды мақсетке муўапық деп есаплайды. Себеби, «жаңылтпаш баланың тилиниң мүки болмаўы ушын ҳәм өз қәдирин билиў, ой қыялының өсиўине тәсир ететуғын халықтың педагогикалық ҳәм методикалық усылы болып есапланған» [10:53].

Қарақалпақ фольклорының жанрлары саналған нақыл-мақаллар, дәстанлар, ертеклер жасларға тәлим-тәрбия бериўдиң ең әййемги педагогикалық қуралы сыпатында қолланылған. Олар жүдә бай тәрбиялық әхмийетке ийе болып, онда бала тәрбиясы мәселелери айрықша орын ийелейди. Фольклортаныўшылардан Қ.Мақсетов ҳәм А.Тәжимуратовлар көрсетип өткениндей, «Нақыллардың ҳәр қыйлы темада жақсы менен жаманды, ақ пенен қараны айырғандай, ертеклерде де әжайып ҳәдийселерди, хайўанның қылықларын, адам турмысын сүўретлеў арқалы әдил истиң жеңетуғынлығы баянланып отырылады. Сондай-ақ, халық дәстанларында көтерилген машқаланың бирлиги ең дәслеп сыртқы жаўларға қарсы гүрес, елдиң ғәрезсизлигин сақлаў, шын мухаббатты ардақлаў қусаған ең уллы қәсийетлер менен бериледи» [11:67]. Жоқарыдағы пикирлерге тийкарлана отырып биз нақыл-мақалларды адамзаттың ой-өрисиниң қәлиплесиўинде, тил байлығының раўажланыўында, өз-ара қарым қатнасларында қолланылатуғын ең зәрүрли тәрбия қуралы сыпатында баҳалаўды мақул деп есаплаймыз.

Қарақалпақ халық дәстанлары болса өзиниң эпиўайылығы ҳәм адамды өзине ерксиз тартып туратуғынлығы менен балаларды сыйқырлы әлемге алып кирип, олардың дүньяқарасын кеңейтиўге имканият жаратып береди. Әсиресе, олардың мазмунындағы жоқары инсанылық, мийнет сүйгишлик, ўатанға деген мехир- мухаббаттың артыўы, әдалатлылық ҳәм басқа да сезимлер жасларымызды әдеп–икрамлылыққа тәрбиялаўдағы тийкарғы қурал саналады.

Халық қосықлары ҳәмме ўақыт халқымызға жолдас болып киятырған руўхый ҳәм мәдений байлықларының бири. Ол халқымыздың арзыў-әрманларын өз ишине қамтыйды. Жәмийеттиң, социаллық турмыстың раўажланыўы ҳәм адам ой-өрисиниң байыўы менен халық қосықларының да мазмуны кем-кемнен байытылды ҳәм раўажландырылды. Халық қосықлары адамлардағы эстетикалық сезимлерди раўажландырып келди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ фольклорлық шығармаларының ҳәр түрли жанрлары келешек әўладтың тәлим ҳәм тәрбиясы мәселелери менен шуғылланыўшы педагогика илиминиң тийкарғы дереклери саналады. Сонлықтан да, бул дереклерден келешегимиз болған жаслардың тәлим ҳәм тәрбия ислеринде орынлы түрде пайдалана билиў сөзсиз өзиниң унамлы нәтийжесин береди.

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында:қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери ». –Нөкис «Қарақалпақстан», 1998, 328-б.

2. Хасанбаев Ж., Туракулов Х., Хайдаров М., Хасанбоева О., Усманов Н. Педагогика фанидан изохли лугат. -Т.: «Фан ва технология», 2009, 672-б.

3. Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 9-том, 374-б.
4. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. –Н.: «Қарақалпақстан», 1979.
5. Базарбаев Ж. Өзликти аңлаў-мәнаўият өзеги. –Нөкис: «Илим», 2016. 160-б.
6. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. –Нөкис: «Билим», 1963, 504-б.
7. Тлегенов А. Воспитание у подростков духовно-нравственных ценностей средствами народных дастанов. (на метериалах дастан «Алпамыш». Автореф дисс на соис уч степ конд пед наук. –Ташкент: 1998.
8. Пазылов А. «Әдеп-икрам тәрбиясы» (Қарақалпақ халық дәстанлары мысалында). –Нөкис: «Билим», 1993.
9. Базарбаев Ж. Әдеп философиясы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010, 208-б.
10. Базарбаев Ж., Пазылов А., Алымов Ә., Кназбаев О. Қарақалпақ этнопедагогикасы. –Нөкис: «Билим», 2010.
11. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. –Н.: «Қарақалпақстан», 1979.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ фольклоридаги бизга мерос болган талим тарбиявий фикрлардан фойдаланиш имкониятлари хақида суз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются возможности использования образовательных идей, унаследованных нами от каракалпакского фольклора.

**SUMMARY**

The article discusses the possibilities of using educational ideas inherited by us from the Karakalpak folklore.

## ZAMANAGÓY SPORTTA JAS SPORTSHÍLARDÍ TAŃLAW MASHQALALARÍ

**M.B.Ramazanov –** *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı*

**Tayanch so`zlar:** sport, tanlash, sportchi tayyorligi, jismoniy mashq, natija, bosqichli tayyorgarlik, rivojlanish, usul.
**Ключевые слова:** спорт, отбор, тренировка спортсмена, тренировка, результат, пошаговая тренировка, развитие, метод.
**Key words**: sport, selection, athlete training, training, result, staged training, development, method.

Sportta orınbasarlardı tayarlawda keleshek jas sportshılardıń tańlaw tártibi áhmiyetli rol oynaydı. Sportta joqarı nátiyjelerdi kórsetiw ushın sportshıda joqarı dárejede rawajlanǵan ayrıqsha morfologiyalıq kórsetkishler, ájayip fizikalıq hám ruwxiy qábiletler kompleksi bolıwı kerek.

Sportta tańlaw bul, qaysı bir sport túrinde joqarı nátiyjege erise alatuǵın qabiletli, talantlı, adamlardı tabıw procesi. V.P.Fillinniń pikirinshe, pedagogikalıq, sociallıq, ruwxıy, tábiyiy-biologiyalıq izertlew (ilimiy tekseriw) metodların óz ishine alatuǵın shólkemlesken metodikalıq ilajlardıń kompleks tártibi túsiniledi, sonıń tiykarında aırım bir sport túrinde qánigelesiw ushın balalardıń qábiletleri anıqlanadı [5:201].

Sportta tańlaw kóp basqıshlı, kóp jıllıq process bolıp sportta tayarlıqtıń barlıq basqıshlarında ámelge asırıladı. Ol sportshılardıń qábiletlerin hár tárepleme úyreniwge tiykarlanıp sol qábiletlerdiń payda bolıwı ushın jaqsı sharayat jaratıwǵa qaratıladı.

Sportta tańlaw úsh basqıshta ámelge asırıladı:

Dáslepki – bunda balanıń morfofunkcional hám ruwxıy ózgesheliklerin esapqa alǵan halda durıs sport túrin tańlaw wazıypasın sheshedi.

Aralıq- bul 2-3 shınıǵıw basqıshlarında shuǵıllanıwshılarda sport nátiyjesin qánigelestiriw qábiletin anıqlaw wázıypasın sheshedi.

Juwmaqlawshı – xalıqaralıq kólemdegi nátiyjelerge tańlaw máselelerin sheshedi [1:223].

Kóp jıllıq tayarlıqtıń birinshi basqıshında tańlawdıń wázıypası – balanı sportqa baǵdarlaw ushın bir sport túrin tańlap alıwǵa járdem beriwden ibarat.

Balanıń keleshektegi jeńislerin anıqlaytuǵın faktor, sport penen shuǵıllanıwdı qaysı jastan baslaw kerekligi menen belgilenedi. Usı faktor kópshilik shet el hám jergilikli ilimpazlardıń izertlewlerinde hár qıylı nátiyje kórsetip alımlar ortasında tartıs hám qarsı pikirlerdi keltirip shıǵarmaqta. Olar balalardı sportqa erte alıp keliw kerekpe yaki kesh alıp kelgen maqul ma, qaysi biri jaqsı nátiyje beredi degen pikirler menen ortaǵa shıqpaqta.

Jáhánniń kóplegen elleriniń sport mekteplerinde jaqsı nátiyjeler sporttıń tabiyiy túrde jasartıw tendenciyası menen belgilenbekte. Bul jaǵday, balalar hám jas óspirimler sport mektepleriniń sabaqlarında, jarıslarında, jasi úlken sportshılar ushın túrli shegaralar kirgiziwde óz sáwleleniwin kórsetpekte. Tájiriybeniń kórsetiwinshe bunday jaqınlasıw qolaysız aqıbetlerge alıp keledi. Usınday awhalǵa bir neshe márte qánigeler dıqqat awdarǵan (V.M.Chudin, Platonov, Saxkovskiy) olar tabiyiy “jasartıw” sport tańlawı kóp jıllıq tayarlawdıń nızamlarınıń buzılıwına alıp kelgenin kórsetedi.

Máselen, V.M.Chudin sport penen shuǵıllanıwdı baslaǵan jası, tek ǵana 19% ǵana belgilengen jasqa (balalar jas óspirimler sport mektebiniń sabaǵında keltirilgen) durıs keletuǵının kórsetip ótken. Sporttıń kóp túrlerinde jeńimpaz sportshılardıń shınıǵıwlardı baslaǵan jası belgilengen jastan 3,5 jasqa artıq bolıp bólinedi [3:144].

Házirgi waqıtta dúnyanıń túrli mámleketlerinde 3-5 jaslı balalardı hátteki gódeklerdi júziwge úyretiwge umıtılıw bar. Geybir balalar sport mektepleriniń shınıǵıwlarına balalar baqshalarınan qatnastırılmaqta.

N.J.Bulgakovtıń baqlawlarına qaraǵanda 11-12 hám 16-17 jastaǵı balalardıń morfologiyalıq hám fiziologiyalıq kórsetkishlerinde baylanıslılıq bar [2:82].

Biraq, bul degeni balalardı jaslayınan sportqa erte tartıw degendi bildirmeydi. Sebebi, jas sportshılardıń hár tárepleme fizikalıq jaqtan rawajlanıwınıń haqıyqıy dárejesi kórsetkishleri keltirilgeni menen sáykes, balalar hám óspirimler sport mekteplerine tańlaw ushın turaqlı kriteriya bolmaydı. Óytkeni, hár túrli jaǵdaylarda jeńiske erisiw ózgeshelikleri jıynaǵı menen anıqlanadı hám hátte qolaysız tásir kórsetiwshi máselen, júziw nátiyjelerine jaman tásir tiygiziwshi sıpatlar basqa sıpatlardıń anaǵurlım rawajlanǵanlıǵı menen kompencaciyalanadı.

Hár bir sport túrine tán shuǵıllanıwdı baslawdı aqılǵa salıw waqtı anıqlanadı. Bul, óz gezeginde, tańlaw hám baǵdarlaw qatarına óziniń tásirin tiygizedi. (1-tablica) Baslanǵısh tayarlaw toparlarında balalardı qabıl etiwdiń jas shegaraları [2:84].

| Sport túri | Jası | Sport túri | Jası |
|---|---|---|---|
| Júziw | 7-8 | Basketbol | 10-11 |
| Tennis | 8-9 | Voleybol | 10-11 |
| Akrobatika | 8-9 | Futbol | 10-11 |
| Figuralı ushıw | 7-8 | Gandbol | 10-11 |
| Kórkem gimnastika | 7-8 | Qılıshpazlıq | 10-11 |
| Sport gimnastikası (er balalar) | 8-9 | Baydarkada eskek esiw | 11-12 |
| Sport gimnastikası (qız balalar) | 8-9 | Kanoeda eskek esiw | 11-12 |
| Badminton | 9-10 | Jeńil atletika | 11-12 |
| Biatlon | 9-10 | Boks | 12-13 |
| Lija jarısı | 9-10 | Velosport | 12-13 |
| Akademiyalıq eskek esiw | 10-11 | Awır atletika | 13-14 |